**दिन–गुरूवार** **दिनांक–25.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे वैश्विक व्यवधान आ अनिश्चितताक बादो भारतक निरंतर विकास भऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ ग्रेटर नोएडा मे एक कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे एहि व्यवधानक मध्य भारत आबयवला दशक लेल नींव मजगूत कऽ रहल अछि आ एहि मे देशक संकल्प, आत्मनिर्भर भारतक मंत्र निहित अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत के आत्मनिर्भर बनबाके होयत। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार मेक इंन इंडिया पर ध्यान केन्द्रित कऽ रहल अछि आ चिप सँ शिप बनेबाक लक्ष्य बना रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे आइ छोट दोकानदार आ व्यापारी के सेहो अपन उत्पाद बजार मे बेचय मे बाधा नहि छनि।

---

चुनाव आयोग बिहार विधानसभा चुनावक तैयारी तेज कऽ देलक अछि। आयोग छओ अक्टूबर धरि सभ सरकारी पदाधिकारी आ कर्मी के स्थानांतरण तथा पदस्थापनक प्रक्रिया पूरा करबाक निर्देश देलक अछि। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल एहि संबंध मे मुख्य सचिव के पत्र लिखलनि अछि।

भारतीय जनता पार्टी वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान के बिहार विधानसभा चुनाव लेल प्रभारी बनौलक अछि। संगहि, केन्द्रीय जलशक्ति मंत्री सी. आर. पाटिल आ उत्तर प्रदेशक उपमुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य के प्रदेशक सह चुनाव प्रभारी बनाओल गेल अछि।

शिवहर जिला मे मतदान प्रतिशत बढ़ेबाक उद्देश्य सँ जिला प्रशासन जागरूकता कार्यक्रम शुरू कयलक अछि।

---

भाजपाक जिलावार कोर कमिटीक बैसार आइ दोसर दिन पटना मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक आवास पर आयोजित कयल गेल। बैसार मे चौदह जिलाक नेता आ कार्यकर्ताक संग

संभावित उम्मीदवारक नाम पर चर्चा भेल। कािल्ह बैसारक पहिल दिन छब्बीस जिलाक विधानसभा क्षेत्रक उम्मीदवारक नाम पर चर्चा भेल छल।

—————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे महागठबंधन अति पछड़ल समाज लेल आरक्षण बढ़ेबाक बात कऽ गुमराह कऽ रहल अछि। श्री जायसवाल पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे महागठबंधनक संकल्प पत्र के ढोंग जनौलनि। ओ कहलनि जे सत्तरि–अस्सी बर्ष धरि कांग्रेस– राजद के अति पछड़ल समाजक चिन्ता नहि छल। आब चुनाव काल मे हिनक नाम पर मात्र बयानबाजी कयल जा रहल अछि।

—————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां साहित्यिक समुदाय सँ भटकाव आ डिजिटल युग मे गरिमा आ मानवताक लक्ष्य के पुनः प्राप्त करबाक लेल आग्रह कयलनि अछि। राज्यपाल श्री खां आइ पटना मे चारि दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय साहित्य महोत्सव उन्मेषक उद्‌घाटन सत्र के संबोधित कऽ रहल छलाह। राज्यपाल लेखक, कवि, कलाकार आ विचारक लोकनि सँ साहित्यक सार्वभौमिक गणराज्य आ एक सत्य वैश्विक समाजक निर्माणक दिस काज करबाक आग्रह कयलनि। एशियाक सभ सँ पैघ ई अंतर्राष्ट्रीय साहित्य महोत्सव उन्मेष अठाईस सितंबर धरि चलत।

—————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ भागलपुर जिलाक कहलगांव अंतर्गत धुआबे मे तीन सय करोड़ टाकाक योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि कार्यक्रमक घोषणा मुख्यमंत्री अपन प्रगति यात्राक क्रम मे कयने छलाह।

—————————————————————

नगर विकास आ आवास मंत्री जीवेश कुमार मिश्र आइ दरभंगा जिलाक कमतौल अहियारी मे उनतीस करोड़ सँ बेसी टाकाक तैंतालीस विकास योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि अवसर पर संबंधित विभागक अधिकारी लोकनि सेहो उपस्थित छलाह।

—————————————————————

निगरानी विभागक एक टीम मधुबनी जिलाक बाबूबरही क्षेत्र मे भूपट्टी चौक लऽग छापामारी कऽ जिला नियोजन पदाधिकारी मृणाल कुमार चौधरी के बीस हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कऽ लेलक। टीम कम्प्यूटर ऑपरेटर राहुल कुमार के सेहो घूसक दस हजार टाका संग गिरफ्तार कयलक अछि। हिनका दुनू गोटे के पटना स्थित निगरानीक विशेष अदालत मे प्रस्तुत कयल जयतनि।

———————————————————————

शारदीय नवरात्रक चारिम दिन आइ भगवती दुर्गाक कुष्मांडा स्वरूपक पूजा अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यताक अनुसार देवीक ई स्वरूप कष्ट आ संकट सँ मुक्ति दैत अछि। दरभंगाक श्यामा माई मंदिर सहित विभिन्न भगवती स्थान मे भक्तक भीड़ देखल गेल। विभिन्न जिला सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे सबेरे सँ मंदिर आ शक्तिपीठ सभ मे दुर्गा सप्तशतीक पाठ आ पूजन भऽ रहल अछि। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे काल्हियो दिन मे चतुर्थी तिथिक प्रवेश होयत तैं काल्हियो देवीक इएह स्वरूपक पूजन होयत।

———————————————————————

समाप्त